

NETWAYE LIMON AVÈK MWEZI

Depatman Lasante ap raple rezidan Maryland yo ke aprè tanpèt yo, inondasyon avèk ouragan yo, espò limon avèk mwezi yo kapab prezan an grann kantite. Espò sa yo kapab lakòz reyaksyon alèjik epi andomaje kay yo avèk byen ki ladan yo. Anpil limon lakay ou se yon gwo sousi - prèske tout moun va afekte si yo respire ase espò.

Kèlke konsèy pou yon netwayaj efikas de limon avèk mwezi yo:

- Netwaye, dezenfekte epi seche zòn ki afekte yo. Itilize yon savon ki pa genyen amonyak (amonyak avèk klowòks kapab lakòz yon vapè toksik) oubyen detèjan epi dlo cho pou foubi pati ki kontamine yo
- Mete nan sachè epi jete tout materyèl ki gen ti rèz mwazi, tankou ranyon, papyè, fèy avèk debri yo. Materyèl ki gen sifas yo di kapab rete lè yo finn pwòpte epi dezenfekte
- Itilize yon bwòs rèd sou mi an blòk yo avèk sifas menm jan yo. Rense yo avèk dlo pwòp. Lè yo finn netwaye, mete yon solisyon de yon goblè klowòks ki itilize nan kay pa galon dlo epi kite li seche
- Kite lè byen rantre kote a anvan, pandan epi aprè nou rantre nan zòn travay la
- Fèmen aparèy yo
- Mete yon mask an papyè, salopèt, gan enpèmeyab avèk linèt pwoteksyon pandan n'ap netwaye
- Netwaye kò w' avèk yon savon dezenfektan lè w' fini
- Rele yon kontraktè ki gen lisans si anndan mi yo avèk zòn anban planche yo ta sanble sous pwoblèm chanpiyon sa yo

PLIS ENFÒMASYON

 preparedness.health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandOPR

 twitter.com/MarylandOPR

 health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandDHMH

 twitter.com/MDHealthDept



MARYLAND DEPARTMENT OF HEALTH
Office of Preparedness
and Response